



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 31 oktòb 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE RANBOUSMAN MAKSIMÒM POU ÈD FEDERAL POU
ETA NEW YORK AKÒZ OURAGAN SANDY**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te fè yon demann fòmèl pou jwenn ranbousman federal maksimòm otorize pou èd federal nan repons Eta New York ak sekou nan Ouragan Sandy pou tout konte yo deklare kòm katastwòf federal. Gouvènè a ap mande delegasyon kongrè New York pou pase pwojè-lwa k ap pèmèt gouvènman federal la ranbouse 100% frè yo, epi pa 90% lalwa pèmèt Prezidan an otorize nan moman an.

Lèt Gouvènè Cuomo voye ba Prezidan Obama endike anba la a:

31 oktòb 2012

The Honorable Barack Obama
President of the United States
The White House
1600 Pennsylvania Avenue, N.W.
Washington, D.C. 20500

Avèk èd: Madam Lynn Canton
Regional Administrator
Federal Emergency Management Agency, Region II
26 Federal Plaza, Room # 1311
New York, New York 10278
Referans: DR-4085
Ogmantasyon Kotizasyon Federal nan Depans
Chè Msye, Prezidan:

New York mande ranbousman federal maksimòm pou èd federal dapre 44 C.F.R. § 206.47(b) ak (d) nan repons ak sekou nan Ouragan Sandy nan tout konte ki deklare ijans federal nan Eta New York. Anba sou-divizyon (d), FEMA gen otorizasyon pou bay 100% ranbousman pou Asistans Federal Dirèk ak mezi pwoteksyon pou ijans nan Kategori B ki aplike nan repons pou ouragan an. Anba sou-divizyon (b), FEMA gen otorizasyon pou bay New York 90% depans travay pèmanan ki kalifye.

Jan sa dekri nan 44 C.F.R. § 206.47(d), "Si nesosite pou katastwòf la garanti sa, nou rekòmande apeprè 100% finansman federal pou travay ijan anba seksyon 403 ak seksyon 407, tankou

Haitian Creole

asistans federal dirèk pou yon peryòd tan limite nan premye jou katastwòf la san konsidere konsekans pou chak moun.” Nou detèmine konsekans enpòtan nan Ouragan Sandy bay garanti pou ofri asistans sa a.

Konte nou yo ap reponn nan konsekans k ap kontinye nan dife ki pran nan plizyè bilding, fèm ti tinèl, pèt enèji nan lopital ak lòt enfrastruktir enpòtan, kay ki detwi ak popilasyon ki nanabri – tout nan mitan gwo inondasyon ki te konplike operasyon repons yo yon fason eksponansyèl. Answit, depans pou repare sistèm tren ak sistèm transpò sou chemennfè konplèks ki fonksyone avèk kouran elektrik apre inondasyon total nan inondasyon dlo lanmè ap mete yon gwo fado finansye sou Eta New York. Konsekans tanpèt sa a sou anpil milye ti biznis fè gwo dega ki pa t janm fèt anvan. Premye estimasyon yo prevwa apeprè \$6 milya dola nan revni ekonomik ki pèdi nan zòn metwopoliten ak Eta a akòz deranjman grav biznis nan sipò finansye prensipal lemoun ak pi gwo pò sou pò maritim nòdès la.

Sipò sa a enpòtan pou asire gouvènman Eta nou an ak gouvènman lokal yo kapab bay repons efikas pou pwoblèm k ap prezante ak pwoblèm k ap kontinye ki asosye avèk dega Ouragan Sandy lakòz.

Si ou ta gen nenpòt kesyon, anplwaye ou yo ka kontakte Steve Kuhr, Ofisye Kowòdinasyon Eta a, nan nimewo 518-292-2301.

Ak tout kè mwen,

ANDREW M. CUOMO

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418